



Pou Piblikasyon Imedya: 08/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIBVANSYON DEPATMAN SEKIRITE TERITWA A YO
DISPONIB POU EKIP REPONS IJANS ETA A YO**

*Sibvansyon yo Ofri Ekipman ak Fòmasyon pou Amelyore Eta Preparasyon pou
Ijans yo*

*Yo pral Sipòte Ekip HazMat la, Brigad Antibonb yo ak Ekip Dresaj Chyen pou
Deteksyon Eksplozif yo Pami Lòt Ankò*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 8.5 milyon dola finansman ki disponib pou sipòte ekip repons ijans atravè New York la yo. Fon Federal Pwogram Depatman Sekirite Teritwa a (State Homeland Security Program) pou Ane Fiskal 2017 sa yo ap ede sipòte ekip anti matyè danjre (Hazardous Materials, HazMat), Brigad antibonb, sit enfrasitrikti enpòtan yo, ekip dresaj chyen pou deteksyon eksplozif yo, ekip taktik yo, ak ekip teknik rechèch ak sovtaj iben New York la yo.

“Sekirite piblik se premye priyorite pou nou epi fon sa yo pral ede asire premye sekouris yo gen aksè a zouti ak resous yo bezwen pou yo pwoteje kominote yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwogram sa yo ofri kèk nan Nouyòkè ki pi brav nou yo fòmasyon, sipò, ak ekipman yo bezwen pou yo ka kenbe eta nou an solid ak an sekirite.”

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta a ap jere pwogram sibvansyon sible sa a, ki te deja distribiye apeprè 54.8 milyon dola bay sis diferan ekip espesyalize depi lè yo te kreye pwogram lan. Tout ekip espesyalize yo dwe soumèt aplikasyon pou finansman sibvansyon sa yo nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan avan 17 Avril 2018.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo, Roger L. Parrino, Sr., te deklare, “Pwogram anyèl sa ap ede ekip espesyalize fòs lapolis yo, ekip rechèch ak sovtaj iben yo (Urban Search and Rescue, USAR), ekip anti matyè danjre yo, ak sit enfrasitrikti enpòtan yo pou ede pwoteje Nouyòkè yo. Mwen ankouraje premye sekouris eta a yo pou yo aplike pou fon sa yo pou ede yo amelyore konpetans operasyonèl yo pou pwoteje sitwayen nou yo”.

Pwogram Sibvansyon Sible pou Matyè Danjre yo (Hazardous Materials Targeted Grant Program): Pwogram sa a pral sèvi kòm yon resous pou 18 Ekip HazMat rejyonal yo, ki andeyò Vil New York la, pou yo antretni ak amelyore kapasite HazMat pou yo ede Nouyòkè yo reponn a epi rekipere yo apre zak teworis ak lòt ijans yo. Rejyon yo ka itilize finansman sa a pou yo jwenn ak antretni ekipman esansyèl yo, reyalize Pwogram Akreditasyon Ekip HazMat la (HazMat Team Accreditation Program), òganize fòmasyon ak egzèsis, epi devlope ak mete plan repons HazMat yo ajou. Depi Ane Fiskal 2008 la, Divizyon an te atribiye apeprè 11.6 milyon dola atravè pwogram sibvansyon non konpetitif sa a.

Inisyativ Brigad Antibonb lan (Bomb Squad Initiative): Yo ap itilize finansman atravè pwogram sa a pou sipòte devlopman ak antretyen operasyon pou konbat dispozitif eksplozif enpwovize yo (Improvised Explosive Device, IED) nan Eta New York la pou 12 Brigad Antibonb sekirite piblik lokal FBI sètifye ki onivo lokal yo. Depi Ane Fiskal 2006 la, inisyativ brigad antibonb lan te resevwa 17.6 milyon dola nan finansman atravè pwogram sibvansyon non konpetitif sa.

Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Enpòtan (Critical Infrastructure Grant Program): Pwogram sa pwomouvwa yon konpreyasyon ak apwòch komen anvwès jesyon risk ansanm ak ofri finansman pou sipòte efò premye sekouris lokal yo ap fè pou atenye risk yo ak amelyore kapasite pwoteksyon nan sit evènman espesyal yo, ke yo pral priyorize pou Ane Fiskal 2017 la, ak sit enfrastrikti enpòtan gouvènman posede yo. Depi Ane Fiskal 2010 la, Divizyon an te atribiye apeprè 2.4 milyon dola bay pwogram sa a.

Pwogram Sibvansyon Dresaj Chyen pou Deteksyon Eksplozif la (Explosive Detection Canine Grant Program): Finansman atravè pwogram sa ap ofri ajans fòs lapolis lokal yo èd patwouy sou wout aktif yo pou yo devlope ak amelyore kapasite dresaj chyen pou deteksyon eksplozif yo. Ekip Dresaj Chyen pou Deteksyon Eksplozif yo ofri yon prezans lapolis vizib, pwoaktif nan zòn kote ki gen aktivite rasanbleman an foul yo, sant transpò yo ak sit enfrastrikti enpòtan yo. Anplis de prezans diswasyon sa, yo ofri yon kapasite repons mobil pou deteksyon ak idantifikasyon tip ensidan potansyèl kote yo itilize aparèy eksplozif yo. Depi Ane Fiskal 2009 la, pwogram sibvansyon konpetitif sa a te resevwa apeprè 3.7 milyon dola nan finansman an.

Pwogram Sibvansyon Sible pou Ekip Taktik la (Tactical Team Targeted Grant Program): Yo dedye finansman sa a pou fòme ajans fòs lapolis lokal yo avèk konpetans ak kapasite apwopriye pou yo ka bay repons reyisi, sekirite lè gen ensidan risk elve yo tankou evènman tirè aktif yo ak lòt misyon antiteworis yo. Depi Ane Fiskal 2013 la, Divizyon an te atribiye apeprè 9 milyon dola pou sipòte ekip taktik yo.

Pwogram Sibvansyon Sovtaj Teknik ak Rechèch ak Sovtaj Iben an (Technical Rescue & Urban Search and Rescue Grant Program): Pwogram sa konsantre sou amelyorasyon ekip Sovtaj Teknik ak ekip USAR yo pou sekouris ijans lokal yo ki bay sèvis ki enplike efondman estriktirèl, fose, espas restren, ak sovtaj ak kòd ki ede Nouyòkè yo reponn a epi rekipere yo apre zak teworis ak lòt ijans yo. Depi Ane Fiskal 2009 la, pwogram sibvansyon konpetitif sa a te resevwa apeprè 10.5 milyon dola nan finansman an pou sipòte operasyon yo.

Yo pral aksepte aplikasyon yo jiska 17 Avril 2018 a 5:00 è p.m. atravè sistèm jesyon sibvansyon elektwonik DHSES la (E-Grants). Pou w fè Deman pou Aplikasyon yo (Request for Applications, RFA) tanpri vizite sitwèb DHSES la sou <http://www.dhSES.ny.gov/grants/targeted.cfm> oswa kontakte Liy Asistans Sibvansyon DHSES la nan (866) 837-9133.

Manm Kongrè Eliot Engel te deklare, “New York se gran vil ki pi an sekirite nan mond lan, men menas y ap fè zòn nou an yo rete konstan. Nou ap akeyi bra louvri nenpòt lòt resous nou ka atribiye a eta preparasyon ijans lan epi yo byen itil, alò mwen aplodi Gouvènè a paske l ap mete sibvansyon adisyonèl sa yo disponib”.

Manm Kongrè Nita M. Lowey te deklare, “Nouyòkè yo konnen twò byen menas teworis ak katastwòf natirèl yo, sa ki fè sekouris ijans nou yo ak ajans fòs lapolis nou yo bezwen resous ak fòmasyon nesèsè pou yo ka pwoteje kominote nou yo ak tèt yo nan ka ta gen yon kriz. Sibvansyon sa yo pral pèmèt eta nou an vin pi pwoaktif nan kad preparasyon pou ak repons a tout tip ijans epi mwen ap vrèman ankouraje ekip repons ijans lan yo pou yo aplike”.

Manm Kongrè José E. Serrano te deklare, “Sekirite pèp li a se premye priyorite pou New York epi finansman federal sa pral amelyore eta preparasyon ijans eta a. Sibvansyon Depatman Sekirite Teritwa sa yo esansyèl pou fòmasyon ak ekipman pou ekip repons ijans nou an yo avèk konesans ak teknoloji ki pi ajou yo. Mwen ap ankouraje ekip atravè eta a yo pou yo aplike pou sibvansyon sa yo”.

Manm Kongrè Nydia M. Velázquez te deklare, “Antanke yon kapital kiltirèl ak finansyèl, New York ap fè fas a defi sekirite inik epi paka gen pi wo priyorite pase kenbe rezidan Vil nou an sekirite ak yo lwen danje. Pou nou fè sa l ap mande kowòperasyon nan tout nivo gouvènman epi mwen fyè pou m wè yo deplwaye resous federal sa yo pou inisyativ sekirite piblik enpòtan sa yo”.

Manm Kongrè Joe Crowley te deklare, “Sibvansyon sa yo pral ofri finansman ki nesèsè pou konplètman ekipe ekip repons ijans eta nou an yo avèk zouti yo bezwen pou yo pwoteje fanmi New York yo. Gouvènè Cuomo konnen bezwen divès ekip repons ijans New York la yo genyen. Ewo sa yo travay chak jou pou yo netralize potansyèl pou yo menase eta nou an epi fòtifye enfrastrikti sekirite nou an”.

Manm Kongrè Brian Higgins te deklare, “Resous federal sa yo jwe yon wòl enpòtan nan ekipe premye sekouris yo ak pwoteje kominote nou yo. Mwen ankouraje ajans lokal yo pou yo aplike”.

Manm Kongrè Sean Patrick Maloney te deklare, “Nouyòkè yo konnen twò byen ke nou dwe rete sou gad nou nan zafè teworis ak lòt menas a kominote nou yo - mwen kontan Gouvènè a ap fè bon izaj de fon sa yo pou premye sekouris nou yo ka gen resous yo bezwen yo. Kenbe kominote nou yo an sekirite se premye priyorite pou mwen nan Kongrè a, epi mwen kontan paske Gouvènè a pataje menm angajman sa anvè lakay mwen nan New York”.

Manm Kongrè John Katko te deklare, “Antanke yon manm Kominte Sekirite Teritwa nan Lachanm lan (House Homeland Security Committee), mwen fondamantalman konsyan ke nou dwe toujou rete vijilan fas a nouvo menas ak menas k ap chanje yo. Sibvansyon sa yo pral asire ekip repons ijans yo resevwa zouti ak fòmasyon apwopriye pou yo konble eka nan sekirite a yo epi kenbe kominote toupatou atravè New York la yo an sekirite”.

Manm Kongrè Lee Zeldin te deklare, “Ane pase, mwen te vote pou m sipòte 2.7 milya dola pou pwogram sibvansyon Ajans Jesyon Ijans Federal la (Federal Emergency Management Agency, FEMA), ki gen ladan Pwogram Sekirite Teritwa a, epi nou ap wè ak pwòp je nou efè pozitif finansman sa gen sou sèvis ijans ak premye sekouris lokal ki sou tèren an yo. Chak nivo gouvènman an gen responsabilite pou yo asire premye sekouris brav nou yo gen resous yo bezwen pou yo fè travay yo nan yon fason sekiritè ak efikas epi pou yo pwoteje kominote nou yo”.

Manm Kongrè Adriano Espaillat te deklare, “Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou anons finansman sibvansyon li tè jodi a pou ede asire eta preparasyon ak disponibilite nan kad kapasite pou nou reponn rapid ak nan fason efikas lè gen risk ak menas potansyèl toupatou atravè Eta New York la. Fòmasyon ak konesans nesèsè yo ki obligatwa pou pwoteje elektè nou yo ap chanje konstaman. Li rete enpòtan anpil pou nou kontinye finanse pwogram k ap sipòte teknoloji inovatè, devlopman konpetans, ak fòmasyon sou itilizasyon ak jesyon apwopriye ekipman espesyalize yo, pou ekip premye repons ijans nou yo ka vin pi byen ekipe ak pi byen prepare pou yo reponn a sitiyasyon yo nan yon delè konvenab epi sove lavi”.

Enfòmasyon sou DHSES

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo bay direksyon, kowòdinasyon ak soutyen nan efò n ap fè pou nou prevni, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas, ensandi ak lòt ijans yo. Pou plis enfòmasyon, ale sou paj Facebook, swiv @NYSDHSES sou Twitter, @NYSDHSES sou Instagram, oswa ale sou [dhSES.ny.gov](https://www.dhSES.ny.gov).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)